

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis data dina bab IV, kacindekan ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Kamampuh kandaga kecap dina maca karangan éksposisi siswa kelas IX SMPN 1 Susukan saméméh diajar maké métode tarjamahan tata basa di kelas ékspérimén hasilna can mampuh, katiten tina hasil kandaga kecap 43 siswa anu diajén dumasar kana aspék-aspékna anu ngawengku; (1) kecap barang rata-ratana 20,70, (2) kecap pagawéan rata-ratana 6,51, (3) kecap sipat rata-ratana 8,42, (4) kecap bilangan rata-ratana 3,40, (5) kecap katerangan rata-ratana 2,84, (6) kecap panyambung rata-ratana 2,35, jeung (7) kecap pangantét rata-ratana 2,63. Jadi, rata-rata ahir tina tujuh aspék nya éta 46,84.
- 2) Kamampuh kandaga kecap dina maca karangan éksposisi siswa kelas IX SMPN 1 Susukan sabada diajar maké métode tarjamahan tata basa di kelas ékspérimén hasilna geus mampuh, katiten tina hasil kandaga kecap 43 siswa anu diajén dumasar kana aspék-aspékna anu ngawengku; (1) kecap barang rata-ratana 29,91, (2) kecap pagawéan rata-ratana 7,60, (3) kecap sipat rata-ratana 11,14, (4) kecap bilangan rata-ratana 4,95, (5) kecap katerangan rata-ratana 6,30, (6) kecap panyambung rata-ratana 4,47, jeung (7) kecap pangantét rata-ratana 4,07. Jadi, rata-rata ahir tina tujuh aspék nya éta 68,44.
- 3) Kamampuh kandaga kecap dina maca karangan éksposisi siswa kelas IX SMPN 1 Susukan saméméh diajar henteu maké métode tarjamahan tata basa di kelas kontrol hasilna can mampuh¹¹² iten tina hasil kandaga kecap 43 siswa anu diajén dumasar kana aspék-aspékna anu ngawengku; (1) kecap barang rata-ratana 23,30, (2) kecap pagawéan rata-ratana 8,14, (3) kecap sipat rata-ratana 8,14, (4) kecap bilangan rata-ratana 3,26, (5) kecap katerangan rata-ratana 2,56,

- (6) kecap panyambung rata-ratana 2,77, jeung (7) kecap pangantét rata-ratana 2,51. Jadi, rata-rata ahir tina tujuh aspék nya éta 50,67.
- 4) Kamampuh kandaga kecap dina maca karangan éksposisi siswa kelas IX SMPN 1 Susukan sabada diajar henteu maké métode tarjamahan tata basa di kelas kontrol hasilna geus mampuh, katiten tina hasil kandaga kecap 43 siswa anu diajén dumasar kana aspék-aspékna anu ngawengku; (1) kecap barang rata-ratana 26,53, (2) kecap pagawéan rata-ratana 8,35, (3) kecap sipat rata-ratana 10,93, (4) kecap bilangan rata-ratana 4,23, (5) kecap katerangan rata-ratana 4,72, (6) kecap panyambung rata-ratana 4,37, jeung (7) kecap pangantét rata-ratana 3,95. Jadi, rata-rata ahir tina tujuh aspék nya éta 68,44.
- 5) Aya béda anu signifikan antara pratés jeung pascatés di kelas ékspérimén jeung di kelas kontrol. Ieu hal nuduhkeun yén kamampuh kandaga kecap dina pangajaran maca karangan éksposisi sabada ngagunakeun métode tarjamahan tata basa di kelas ékspérimén nuduhkeun hasil anu leuwih hadé atawa leuwih éféktif tibatan di kelas kontrol anu henteu ngagunakeun métode tarjamahan tata basa. Dumasar éta katerangan, bisa dicindikkeun yén hipotésis H_a (hipotesis alternatif) ditarima sedengkeun H_o (hipotesis nol) ditolak. Hartina, métode tarjamahan tata basa leuwih éféktif tibatan anu henteu maké métode tarjamahan tata basa dina ningkatkeun kamampuh kandaga kecap dina maca karangan éksposisi siswa kelas IX SMPN 1 Susukan Kabupatén Cirebon taun ajaran 2014/2015.

5.2 Saran

Tina hasil ieu panalungtikan, aya sababaraha saran anu baris ditepikeun di antarana saperti ieu di handap.

- 1) Dumasar kana hasil panalungtikan, métode tarjamahan tata basa éféktif pikeun ningkatkeun kamampuh maca karangan éksposisi siswa kelas IX SMPN 1 Susukan Kabupatén Cirebon. Ku kituna, métode tarjamahan tata basa bisa dijadikeun salah sahiji métode alternatif dina pangajaran maca.
- 2) Nalika guru rék ngagunakeun métode tarjamahan tata basa, hal anu kudu diperhatikeun nya éta tarjamahan jeung mekarkeun kaparigelan nganalisis ngaliwatan talaah tata basa.